

TESTAMAN BIYOLOJIK KONPARE AK TESTAMAN DÈNYE VOLONTE

Dokiman enpòtan konsènan planifikasyon lavi sa yo pèmèt moun yo chwazi manm fanmi yo ak/oswa zanmi yo fè konfyans pou jere zafè yo epi pran desizyon enpòtan nan non yo, sa ki bay oumenm ak fanmi ou yon pi gwo estabilite pou anpil tan ak yon plis kè pòpòz.

TESTAMAN BIYOLOJIK (LÈ OU VIVAN TOUJOU):

Se yon dokiman jiridik ki pèmèt ou endike ki kalite tretman medikal ou swete genyen oswa sa ou pa vle resevwa si ou vin pa kapab pran desizyon sa yo pou tèt ou, sa vle di, ou nan yon faz tèminal oswa san konesans yon fason pèmanan epi ou pa kapab kominike oswa pran desizyon.

Kontrèman ak yon prokirasyon swen sante, ou pa deziyen yon "ajan" lè w ap egzekite yon volonte nan vivan. Yo itilize dokiman sa a kòm yon oryantasyon - pou bay founisè swen sante w yo enstriksyon (ak ajan pwokirasyon swen sante w la) sou swè espesifik ou konsènan swen medikal yo.

TESTAMAN DÈNYE VOLONTE:

Yon Testaman Dènye Volonte se yon dokiman ki endike kijan byen ou yo ki pa distribye otomatikman dapre lalwa, pral distribye lè ou mouri. Pifò moun vle oswa bezwen yon testaman paske ou vle byen ou yo ale kote ou vle a, men se pa kote leta vle a, oswa ou vle nonmen yon gadyen legal pou pitit ou yo.

Si ou pa gen yon testaman, lwa Eta kote ou te rete nan moman lanmò a ap dirije distribisyon byen ou yo. Moun enpòtan nan lavi ou ki pa ta eritye si ou mouri san yon testaman se patnè w ki pa marye avè w, zanmi, fanmi ki pa pwòch nan lis priyorite Eta a, bèt kay, òganizasyon ak enstitisyon, ak patnè komèsyal yo.

